

Èske ou gen enkyetid sou devlopman pitit ou a? Fason pou Pale ak Doktè a



Yon premye etap pou jwenn èd pou pitit ou a lè ou gen enkyetid sou devlopman li (kijan pitit ou jwe, aprann, pale, aji, ak deplase) se pale ak doktè pitit ou a.

Men kèk konsèy sou fason pou pale ak doktè pitit ou a:

1 Prepare pou vizit ou a.

- Lè w pran pwochen randevou pitit ou a, di manm pèsònèl doktè a ou gen enkyetid sou devlopman pitit ou epi ou ta renmen diskite yo.
- Ekri kesyon ou yo, enkyetid yo, ak kèk egzanp; pote sa yo nan randevou a.
- Ranpli yon lis etap devlopman pou laj pitit ou a nan www.cdc.gov/Milestones epi pote li pou w pataje ak doktè a.
- Fè lòt granmoun ki konnen pitit ou a byen ranpli yon etap devlopman, tou.
- Si ou kapab, mennen yon lòt granmoun avèk ou pou jwe ak pitit ou a pou ou ka pi byen konsantre sou sa doktè a di.

2 Poze tout kesyon ou yo pandan vizit la; ou konnen pitit ou pi byen epi enkyetid ou yo enpòtan!

- Di doktè a ou gen enkyetid nan kòmansman vizit la epi pataje lis etap devlopman an ak nenpòt kesyon ou te ekri.
- Si doktè a sanble li prese, mande si ou ta dwe pwograme yon lòt vizit.
- Mande enfòmasyon sou rezilta evalyasyon devlopmanal pitit ou ki pi resan yo. Si yo pa te fè yon evalyasyon, mande youn. Pou jwen plis enfòmasyon sou evalyasyon devlopman, ale nan www.cdc.gov/DevScreening.
- Pran nòt pou ede ou sonje sa doktè a di ak sa pou w fè apre.

3 Asire w ou konprann sa doktè a di ak sa pou w fè apre.

- Anvan ou pati, asire w yo te reponn tout kesyon ou yo.
- Si ou pa konprann yon bagay, mande doktè a pou esplike l ankò oswa nan yon lòt fason.
- Gade nòt ou yo epi mande doktè a, enfimye oswa manm pèsònèl klinik la nenpòt enfòmasyon ou pral bezwen pou fè sa doktè a te di ou. Pa egzanp, “Ki nimewo telefòn pwogram entèvansyon bonè lokal mwen an?”
- Lè ou rive lakay ou, gade nòt ou yo epi rele klinik doktè a si ou gen nenpòt kesyon.
- Pran etap yo doktè a te di ou epi sonje pou w mete doktè a okouran sa ou te fè ak kijan sa te pase.

Ou konnen pitit ou pi byen

Sonje byen, lè ou aji bonè sou enkyetid ou genyen se pi bon fason pou ede pitit ou.

Si doktè ou te di ou “rete tann pou nou wè”, men ou pa santi w alèz ak konsèy sa a:

Pale ak yon lòt doktè pou w ka jwenn yon dezyèm pwendvi

EPI

Rele pou yon evalyasyon gratis pou konnen si pitit ou ka jwenn sèvis gratis oswa bon mache ki ka ede.

Ou pa bezwen yon referans doktè pou yo evalye pitit ou a pou sèvis.

Si pitit ou a gen mwens pase 3 an:

Rele pwogram entèvansyon bonè eta ou a. Jwenn nimewo telefòn lan nan www.cdc.gov/FindEI.

Si pitit ou a gen 3 an oswa plis:

Rele nenpòt lekòl eleman tè piblik lokal.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou ede pitit ou, ale sou www.cdc.gov/Concerned.

Pa rete tann.

Lè ou aji bonè sa ka fè yon vrè diferans!

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-232-4636



Aprann Siy yo. Aji Bonè.